

# KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- APLIKASYON NAN PWOGRAM MAGNET
- PREKOSYON NAN ZÒN RAY TREN
- DIRÈKTE LEKÒL POU YON JOUNEN

DESANM 2021

Biltèn 14 | NIMEWO 81 |



"Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) swete ou ak fanmi ou pase yon bon sezon fèt. Nou swete moman sa a nan ane a pèmèt ou pataje

tradisyon ki gen anpil valè pou ou avèk moun ou renmen yo. Se yon epòk nan ane a ki pote anpil espwa kote nou pran tan pou reflechi sou tout benediksyon nou yo pandan n ap tann

ak kontantman nouvo ane ki pral vini an.

Mèsi dèske w reprezante yon prezans pwoteksyon ak establi nan lavi elèv nou yo e pou devouman ou te demontre pou byennèt yo. Nou konnen anpil akonplisman elèv yo reyalize se yon temwayaj pou fanmi ki angaje yo nan edikasyon pitit yo ansanm ak anplwaye pasyone Lekòl Leta Miami-Dade County yo. Nou kanpe ansanm pou asire ekselans nan edikasyon piblik.

Nou swete w pase yon Vakans Ivè ki agreyab, anpè, an sekirite e nou pa ka tann pou nou wè ou 3 janvyè.

## YON MESAJ SIPÈNTANDAN ALBERTO M. CARVALHO



Jan ou ka tande sa a, mwen pral mete fen nan tan mwen kòm Sipèntandan nan Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS) (Lekòl Leta Miami-Dade County) pou vin pwochen Sipèntandan Distri Lekòl Inifye Los Angeles la. Pandan mwen kontan pou opòtinite sa a, kè mwen sere anmenmtan paske mwen pral kite

kominote mwen renmen an - yon kominote ki vibran e ki divès, ki te akeyi m ak bra louvri kòm yon imigran san papyè. Pandan 30 dènye ane ki sot pase yo, mwen devote karyè pwofesyonèl mwen nan edikasyon piblik, mwen kwè ki se pilye demokrasi nou an.

Atravè sipò nou ak kolaborasyon nou pandan ane yo, M-DCPS te vin tounen yon modèl nasyonal pou ekselans edikasyonèl ak inovasyon. Ansanm, nou te fè sa ki te sanble yon sityasyon enposib - kriz finansye, lekòl ki pa gen anpil pèfòmans Eta a te riske fèmen, ak yon pousantaj gradyasyon 58 pousan - nan yon istwa siksè inevitab. Depi 2008, nou te re-imaginer sa ki te posib pou timoun Miami-Dade yo, nan resevwa 2012 Broad Prize pou Edikasyon Iben, souvan yo konsidere kòm Pri Nobèl nan domèn nan, ansanm ak 2014 'College Board Advanced Placement Equity and Excellence District of the College Board' pou Ane a. Nou ogmante to gradyasyon rive a 93.1% pou lekòl tradisyonèl yo.

Nou elimine lekòl F yo epi yo rekonèt nou kòm yon distri eskolè ki fè nòt "A" pandan twazan youn apre lòt.

Nou aksepte yon sèl mezi pa adapte pou okenn, nou ofri plis pase 1,000 pwogram chwa inik ki fèt pou satisfè enterè ak bezwen endividyèl elèv yo atravè Miami-Dade.

Pandan m ap di nou orevwa, mwen gen konfyans eritaj sistèm nou bati a ap kontinye trè byen. Tout sa nou reyalize yo se rezilta dirèk nan patenarya nou avèk ou kòm paran. Mwen ap mande pou nou rete angaje epi kontinye

defann tout timoun.

Mèsi dèske nou te ban mwen privilèj pou m patisipe avèk nou nan selebre anpil nan etap enpòtan ak siksè pitit nou yo – premye jou lekòl, seremoni prim, gradyasyon. Se moman sa yo mwen te ancheri pi plis kòm lidè sistèm lekòl sa a. Mèsi dèske nou te pèmèt mwen kanpe bò kote nou nan moman difisil yo – sanzabri, siklòn, ak pèt trajik kèk nan timoun nou yo nan vyolans san sans. Se te yon onè, pou m te sèvi nou.

## DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

**20 Desanm – 31 Desanm**  
Vakans Ivè

**15 Janvyè**

Dat Limit pou Aplikasyon Magnet

**17 Janvyè**

Obsèvas Anivèsè Nesans Dtè. Martin Luther King Jr.

## HANTMAN, GALLON RETOUNEN POU DIRIJE KOMISYON KONSÈY LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY POU 2021-2022



Madam Perla Tabares Hantman bat yon rekò lè li re-eli pou yon katòzyèm fwa kòm Chèmann Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County. Madam Hantman, ki reprezante Distri 4, te eli pou premye fwa nan Komisyon Konsèy Lekòl la an 1996. Li se premye fi Ispanik ki te sèvi kòm Chèmann, e li te sèvi anvan de 1999-2001, e apre sa

chak ane konsekitif de 2010-2015 e ankò de 2017 a 2021.

Doktè Steve Gallon III re-eli kòm Vis Chèmann. Doktè Gallon, ki reprezante Distri 1, te premye eli nan Komisyon Konsèy Lekòl la an 2016. Sa fè twazyèm fwa li ap sèvi kòm Vis Chèmann.

## RETE AN SEKIRITE NAN ZÒN KI GEN RAY TREN AK TREN

'Brightline', sèl konpayi ki ofri sèvis transpò a gran vitès nan tren Ozetazini, ki modèn e ki san danje pou anviwònman an, rekòmanse operasyon li ak vitès maksimòm 'FRA' apwouve, 79 'miles' pa èdtan, atravè tout korido a ki mezire 69 'miles'. Pou rezon sa a, Brightline ap raple piblik la, pyeton yo, motosiklis ak siklis pou yo fè chwa ki ap mete lavi yo an sekirite lè yo nan zòn ki gen tren e lè yo gen pou travèse ray tren. Mesaj sekirite a senp: gade, koute, rete vivan. Chofè ak pyeton dwe obeyi tout lwa sikilasyon ki gen rapò ak travèse ray tren e yo pa dwe janm kanpe sou ray tren. Pyeton yo dwe rete vijilan lè yo toupre ray tren e yo dwe travèse sèlman nan zòn ki fèt pou sa.

[Operation Lifesaver](#), yon òganizasyon ki pa la pou pwofi e ki angaje li nan ogmante sansibilizasyon konsènan sekirite nan zòn ki gen ray tren, voye konsèy enpòtan sa yo ki kapab pwoteje lavi nou:

- Tren ou wè a pi pre e li pi rapid pase jan w panse a.
- Sonje tren pa ka frennen vit.
- Pa janm chankre akote pasaj la lè l ap desann — sa ilegal e li ka lakoz lanmò ou.
- Fè atansyon pou w pa bloke sou ray tren an; travèse ray tren an si sèlman ou sèten ou ka travèse totalman san ou pa kanpe nan wout.
- Si machin ou bloke sou ray tren an, soti ladan e pa rete toupre ray tren

an, menmsi ou pa wè yon tren k ap vini. Chèche siy Sistèm Notifikasyon Ijans la e rele nimewo telefòn ki sou li a, di yo gen yon machin ki bloke sou ray tren an.

- Nan yon entèseksyon ki gen plizyè ray tren, rete tann youn pase, gade si pa gen yon lòt ki ap vini sou lòt ray la, nan toude direksyon yo.
- Lè ou bezwen travèse ray tren, ale nan yon entèseksyon ki fèt pou sa, gade toude bò yo, e travèse ray la byen vit, san ou pa kanpe. Sonje li pa pridan pou w kanpe nan yon distans ki pi pre pase 15 pye parapò ak ray tren an.
- TOUJOU ATANN GEN YON TREN K AP VINI!



“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) te kòmanse aksepte aplikasyon pou pwogram Magnet pou ane lekòl 2022-2023 a vandredi 1ye oktòb. Nou ap kontinye aksepte aplikasyon jiska 15 janvye 2022.

Nou ofri plis pase 370 pwogram Magnet pou tout nivo klas yo ki

gen ladan kou espesyalize avèk konsantrasyon sou enterè espesyal elèv yo, talan ak abilite yo.

Atravè pwogram Magnet M-DCPS yo, nou prepare elèv yo pou devlope ak briye nan edikasyon apre lekòl segondè ak nan espas travay yo. Pami pwogram ki disponib yo genyen Eksplorasyon Lespas ak Lanmè,

‘Cybersecurity’ (Sekirite sou Entènèt), Investisman (n ap sèvi avèk tèminal echanj aksyon ‘Bloomberg’ la), Entelijans Atifisyèl nan Wobotik, Konsepsyon Jwèt ak Animasyon, Medsin, Pwofesyon Enfimyè, Ar Vizyèl ak Pèfòmans, ak Etid Entènasyonal, pou site kèk nan pwogram yo sèlman!

Nou ka antre nan sistèm aplikasyon Magnet la nan [miamimagnets.org](http://miamimagnets.org) e li disponib nan plizyè lang.

Pou tout dènye enfòmasyon sou pwogram Magnet yo, ou ka ale sou Twitter nan @miamimagnets. Pou plis enfòmasyon oswa pou pale ak youn nan anplwaye pwogram Magnet yo, tanpri rele 305-995-1922.

## AVÈTISMAN M-DCPS: MENAS SOU LEKÒL YO AP ABOUTI SOU ARESTASYON



Pandan kèk semèn ki sot pase yo, distri lekòl la te resevwa plizyè fo menas – majorite te fèt sou rezo sosyal yo. Menas sa yo lakòz laperèz ak malèz pami fanmi ak anplwaye nou yo, yo deranje jounen edikasyonèl la epi yo redui nan resous Polis Lekòl nou an ki trè devwe. Nou konprann gwo enkyetid menas vyolans sa yo lakoz nan lekòl yo vize yo e nou asire fanmi yo byennèt elèv ak anplwaye nou yo se sa ki gen


plis enpòtans pou nou. Nou ap envestige an detay nenpòt menas ki fèt sou “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) e nou ap pousuiv moun nou jwenn ki responsab yo nan degre maksimòm lalwa prevwa. M-DCPS rete angaje pou li ofri yon anviwònman aprantisaj ak travay ki gen sekirite. Polis Lekòl la ap travay nan tèt kole avèk antite federal ki la pou aplike lalwa yo pou envestige

menas sa yo, ki souvan mennen nan konsekans akoutèm oubyen alontèm tankou arestasyon.

Nou ap mande pou w kontinye pale ak pitit ou konsènan sekirite sou entènèt, sèvi ak rezo sosyal yon fason responsab, ansanm ak valè onètete, entegrite ak responsablite. Pou resous enpòtan konsènan sitwayènte dijital, tanpri vizite [http://digital.dadeschools.net/digital\\_citizenship.asp](http://digital.dadeschools.net/digital_citizenship.asp). Nou ankouraje nou tou pou n rapòte nenpòt aktivite ki parèt sispèk nan 305-995-COPS. Pwofesyonèl Sante Mantal yo disponib pou ede elèv ak fanmi yo. Nou ka kontakte yo atravè liy Asistans Sèvis Sante Mantal la nan 305-995-7100.

Ansanm, nou kapab bay asirans lekòl nou yo ap kontinye yon refij ki gen sekirite pou tout moun.

# NOU KONTINYE TRADISYON ANYÈL 'PRINCIPAL TODAY', NOU RETOUREN AK VIZIT AN PÈSÒN



wòl direktè a) te gen prezidan ak direktè jeneral kèk òganizasyon ki la pou pwofi ak sa ki pa pou pwofi, ansanm ak ofisyèl eli ak manm nan medya.

Evènman an te òganize an patenarya avèk Bank of America, sipòtè nou depi lontan.

**TI KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN**

**Pratike Swen Pèsònèl**  
<https://bit.ly/3DyXhUS>

**REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL**

**12 Janvye**  
 11:00 dimaten  
 Reyinyon Regilye

Nan dat 7 desanm la, "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) te òganize venn-uityèm (28èm) selebrasyon anyèl 'Principal TODAY' (Direktè pou Jounen an), avèk plis pase 400 direktè lekòl ak lidè kominotè ki te patisipe. Sa a se youn nan pwogram distinge M-DCPS yo ki konsantre sou devlope patenarya ki sipòte edikasyon piblik. Pwogram nan retounen ak vizit an pèsòn nan lekòl aprè nou te òganize li sou entènèt ane pase.

Menm jan sa fèt chak ane, direktè lekòl yo te gen opsyon pou yo chwazi yon patnè oswa pou nou te matche yo ak youn atravè kontak

ak chanm komès lokal ak biznis nan kominote a an jeneral.

Sipèntandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho di, "Evènman anyèl sa a pèmèt nou montre bèl travay k ap fèt nan lekòl nou yo pandan n ap fòme patenarya ki mennen opòtinite pou fè estaj ak bay konsèy pou benefis elèv nou yo. Li ouvri opòtinite tou pou konvèsasyon onèt avèk lidè biznis nan kominote a sou sijè tankou sipò akademik, ankourajman ak devlopman mendèv, ki se yon avantaj total pou edikasyon piblik ansanm ak kominote nou an."

Pami moun ki te patisipe nan "stepping into the shoes" (jwe


## MEDYA SOSYAL

 @MDCPS  
 @EscuelasMDCPS  
 @MiamiSup

 @MiamiSchools  
 @AlbertoMCarvalho1

 @MiamiSchools  
 @MiamiSup

 @MiamiSchools



[www.dadeschools.net](http://www.dadeschools.net)

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

## Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmàn	Mari Tere Rojas
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmàn	Luisa Santos
Lucia Baez-Geller	Alberto M. Carvalho
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall	Sipèntandan Lekòl yo
Christi Fraga	Cori'Anna White
Doktè Lubby Navarro	Konsèyè Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la
Doktè Marta Pérez	

Pwodiksyon Biwo Kominikasyon ak Angajman Kominotè anba direksyon Daisy Gonzalez-Diego